*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№32 (60552) * 2020 с. * 7 сентябрь * 19 мухIаррам * 1442 с. * итни *

*1 сентябрь – лъаялъул къо*

# ЦIИЯБ ЦIАЛУЛ СОН БАЙБИХЬАНА

**Гъаб соналда нилъер улкаялда школалде ине руго I7 млн. цIалдохъан: гьездасан нилъер республикаялда 427 азарго цIалдохъан, 55,6 азарго чи тIоцебесеб классалде, нилъер районалда 2060 цIалдохъан, тIоцебесеб классалде 237 цIалдохъан.**

**Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъул лъазабиялда рекъон киналго школал хIалтIизе руго.**

**Байрамалъул дандеруссинал тIоритIизе руго гIадатияб къагIидаялда, амма Роспотребнадзоралъул тIалабалги тIуран.**

## Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школа



**Хьаргаби росдал №2 гьоркьохъеб школалде къокъунел берцинго ретIа – къарал цIалдохъабазул кодор тIугьдул ккурал къокъаби, тадбир байбихьизе гIемераб заман букIаниги, разиго рачIунел рукIана.**

Бихьулеб букIана цадахъ цIалулезухъ, учительзабазухъ гIемераб заманалда карантиналда рукIарал лъимал чIалгIун ругеблъи. Школалъул кавабаздаса жанире рачIунел киналго учительзабазул, цIалдохъабазул борцунеб букIана чорхол цIа – кан, кверал микробаздаса рацIад гьаризе речIизабулеб букIана хасаб лъамалъи. Цоници умумул школалде жанире риччачIо.

Киналго байрамалъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуларел цIалдохъаби ритIана жиде – жидер классазде жанире. Школалъул киналго учительзабазда тIадаблъун гьабун букIана маскаби хезе.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна гьаб соналда тIоцере школалде рачунеб кIиго тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз ва 9 ва II классазул цIалдохъабаз. Школа лъугIун унезда ва тIоцере школалде рачунезда байрам баркун хинал рагIаби абуна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Р. МухIамадовалъ. ТIоцере школалде рачунезе школа лъугIун унез гьаруна сайгъатал. ТIоцебесеб классалде рачунез рикIкIана кучIдул.

Гьелдаса хадуб киналго цIалдохъаби ана жиде – жидер классазде ва байбихьана коронавирусалъул унти багъарараб заманалда хIинкъи гьечIолъи цIунизе ккеялъул дарсидасан цIияб цIалул соналде.

**Суратазда:**
Байрамалда цIалдохъаби



*Баркула !*



## ЦIияб цIалул сонгун !

**ХIурматиял учительзаби, цIалдохъаби ва умумул.**

Баркула нужеда тIаде щвараб байрам – лъаялъул къо. ЦIияб цIалул сон байбихьи кидаго букIана рохалилаб, аваданаб, рекIее гIажаибаб асар гьабулеб. Гъаб соналда нилъеца гьелда дандчIвай гьабулеб буго захIматаб ахIвал – хIалалда, амма гьелъ лъаялъул къоялъул кIвар буголъи гIодобе ккезе гьабичIо. Гьеб буго нилъее цойги тIаде биччараб хIалбихьи, гьелда нилъеца чIухIадго ва борхатго бетIерги ккун церехун рилъина.

Учительлъун вахъуна гьеб хIалтIуде рекIел цIай бугев, гIакълу камилав инсан. Биччанте нужер гьабулеб хIалтIи бигьалъизе ва гьелъ хIасил кьезе. ХIурматиял цIалдохъаби, школалда бугеб заман хIалтIизабе лъай щвезелъун гуребги, лъикIал, ракIбиччарал гьудул гьалмагъзаби ралагьизеги. Биччанте цIияб цIалул сон нужер ракIал разияб букIине. Гьарула щулияб сахлъи ва кIудияб сабур гьабулеб хIалтIулъ.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**районалъул бетIер**



*1 сентябрь – лъаялъул къо*

# Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школа



**Берцинго ретIа – къарал, кодор тIугьдузул квацIаби ккурал цIалдохъаби тIел – тIел ккун рачIунел рукIана школалъул азбаралде.**

ХIисабалде босун букIана гIадатлъун бильараб, школа лъугIун унел выпускниказ тIоцере школалде рачунел гIисичазе сайгъатал кьеялъул тадбиргIаги гьабизе бегьилилан. Амма, санитариябгун эпедемиологияб ахIвал – хIал гIодобцун гьечIолъиги хIисабалде босун, гьеб тадбир гьабичIого теялде рачIана школалъул нухмалъи.

ЦIалдохъабазда дандчIвай гьабуна щибаб классалъул нухмалъулез, гьоркьоб манзилги цIунун мухъ гьабун школалде жанире рачана, щивазул чорхол цIа – каналъул халги гьабун, кверазде микробаздаса рацIад гьарулеб лъамалъиги речIчIизабун. Классазда лъималазе мухIканго баян кьуна батIи – батIияв специалистаз, гьарулел ругел унти багъаричIого букIиналде тадбиразул бугеб кIудияб кIваралъул хIакъалъулъ. Гьедин байбихьана цIалул сон.

**Суратазда:**
Хьаргаби №1 школалда.



## ХIабиб НурмухIамадовасде.



МугIрузда роржунел цIумазул улка,
ЦIва гвангъана цойги Дагъистаналда.
ЦIадаре кIанцIулел васазул улка,
Россия чIухIана ХIабиб вачIиндал.

ХIинкъи - къай лъаларев магIарул васас,
ЧIухIараб хIелеко, хIулун рехана,
ХIабиб Аллагьасул илчи вугевлъун,
Эсул цIар лъурав мун цIунаги кивго.

ЦIумада мугIрузда лъадарараб черх,
Чиякьа къун чIолеб къагIида гьечIо,
КъабихIаб калам кибго абичIо,
Киназего зарул гьабуна жаваб.

Жеги магIаруллъи рагIичIев Конор,
Катица гIункIкIгIадин дуца вухана.
Доб чIухIун кIалъараб кIалалда дуца,
КIвараб хIалалъ бухун басра гьавуна.

ЩайтIаби рахъараб Магрегал лугбал,
Габур къазе щвейдал къванин ахIдана.
Къадарал рагIаби абурал дуца,
Дагъистан щибали лъазе гьабуна.

Мун гIадал гьареги магIарухъ васал,
Миллатги, цIарги цIунизе лъалел.
ЦIадгIан гIемерлъаги талихIгун рохел
Теги Аллагьас мун дуйго бокьухъе.

**КАМИЛИЛ БАГЬАВУДИН**
**Хьаргаби росу**

*3 сентябрь – терроризмалда цолъун данде рахъиналъул къо*

# ТЕРРОРИЗМАЛЪУЛ КЬОГIЛЪИ

***ТарихчагIаз бихьизабулеб буго террорaлъул гIаламатал ракканин кIиазарго соналъ цере.***

**Терроризм тIоцебе баккун буго Франциялда I8 гIасруялда «якобинцал» абун жидеда цIар лъурал къукъаялда гьоркьоб. Доб заманаялъ гьелъул абиял рукIана халкъалъе пайда щвей мурадалъе гIоло тIалаб-агъазалъул. Хадуб-ккун Франциялда ккараб революциялъул хIасилалда терроризм буссана, такъсирчилъиялде. Доб заманаялъ гьелъул хIинкъи букIун гьечIо пачалихъе.**

Жакъа терроризмалъул хIинкъи цо пачалихъалъе гуреб, тIолабго дунялалъего буго. Террор ккола инсанас инсанасе вахIшияб зулму гьабун, гIадамал хIинкъизари.

Террористал-гьел ккола жидер хьвада-чIвадиялъулъ бищун цIикIкIараб вахIшилъи бугел, гIадамал хIинкъизариялъе бокьараб тайпаялъул къагIидаби хIалтIизарулел, жидеца асирлъуде гIадамал росулел, цIикIкIун халкъ бакIарараб бакIалда жидеца бокьараб тайпаялъул ярагъ хIалтIизабулел (чIвай-хъвей, цIа гьей, кьвагьизари, асирлъуде гIадамал роси) гIадамал.

Экстремистаз пропаганда гьабула нахъегIанал лозунгаздалъун пачалихъалда жаниб гIадлу – низам хвезабиялъе гIадамал ахIуд рахъинаризе, законазул тадбиразда дандечIей гьабиялъе, партизаназул рагъул къагIидаби ва террорaлъул пишаби хIалтIизариялъе.

Жидерго вахIшиял пишаби гIумруялде рахъинари мурадалда экстремистаз аслияб кIвар буссинабула пачалихъияб гIуцIи хвезабизе гIадамал ахIиялде.

Сепаратизм ккола бакътIерхьул пачалихъазул эмиссараз цо пуланаб пачалихъалда жаниб терроризмалъул ва экстремизмалъул масъалаби гIумруялде рахъинариялъе гIоло гIарцудалъун ва яргъидалъун кумек гьаби, диверсиялъул специалистал ва гIакълучагIи кумекалъе ритIун.

Жакъасеб терроризм ккола миллатчилъиялъулаб, динияб ва политикаялъулаб.

КIудияб ВатIанияб рагъдаса руссараз абулеб букIана гьанже фашисталги тIагIанин, ракьалда рекъелги букIинин абун, амма гьеб гьедин ккечIо. Исана Россиялъ ва дунялалъул тIолалго пачалихъаз рохалилаб къагIидаялъ кIодо гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай. Жакъаги фашизмалъул кьалбал къватIире раккулел руго, цере рукIарал рагъазул цIаралги хисун, ракьалде раккана жеги вахIшиял терроризм ва экстремизм абурал цIарал.

СССР биххаралдаса нахъе, Россиялда гIемер гьаруна террористаз вахIшиял пишаби. Гьелъул кьогIлъи жакъаги кIочон гьечIо районалдаги, Дагъистаналдаги ва тIолабго Россиялдаги. Лъида ва кида кIочонел Беслан, Буденновск, Волгодонск, Москваялъул «Дубровск» ва «Норд-Ост», Кизляр, Каспийск, Буйнакск ва цогидалги террор гьарурал бакIал.

Террорaлъул пашманал хIасилаллъун ккана жидеда гIайиб гьечIого хварал нус-нус лъимал, руччаби, херал ва рагъухъаби.

Экономикиялгун социалиял рахъазулъ чиновниказ жидерго хIалтIулъ риччарал гIунгутIабаздалъун террористазда кIвана цо-цо гIолилал жидерго рахъалде цIазе.

Террористазда лъала гIолилазе хIалтIи къвариггун букIин. ГIумруялда жаниб гIолохъаби дандчIвала гIемерал захIмалъабигун.

Гьезда бихьула халкъалда гьоркьоб тIибитIун бугеб ришватчилъи ва коррупция.

Террористаз хIисабаслде босун буго рагъулъ жал бергьинчIеб мехалъ, гIолилазда гьоркьоб экстремизмалъулаб идеология билълъанхъизабун, бергьенлъабазде рахине.

ГIолохъабаз жидерго цебетIечIолъи рикIкIунеб буго хIукуматалъул гIайиблъун ва байбихьула гьечIел гIайибалги гьезде гIунтIизарун, мекъаб нухдасан ине.

1999 соналъ жакъасел гIолилазул гIумрудул букIун батани 9-10 сон, жакъа гьесул гIумру бахун буго 35-36 сониде. Гьезда лъалеб гьечIо доб заманаялъул тарих ва гьез жакъа хIалбихьулеб буго жидеда ракIалде ккараб иш цебеккараб хIалалъ, ай такъсиралдалъунги тIубазе.

Гьал церехун рехсарал ва цогидалги рахъалги кьочIое росун, террористазегун экстремистазе бокьун букIана Дагъистаналда гуребги, Кавказалдаго жигьадги лъазабун, Россиялдаса батIаги гьабун, Исламияб пачалихъ гIуцIизе. Гьеб гьедин букIараблъи лъазе ккола щивав дагъистаниясда.

1990-лел соназ Россия букIинчIо къуватаб пачалихъ ва гьелда цебе чIараб масъалалъун букIана жиндирго регионал ратIалъизе риччангутIи.

Жакъа Россия буго гучаб, бокьарав тушманасда данде багъизе жиндир ресалги, сурсаталги, къуватги бугеб пачалихъ.

Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъ ва гъункиялъ, ВатIаналде тIаде ккараб хIинкъи буголъиялъул суал жидеда бичIчIиялъ, хадубкун Дагъистан букIинищ букIинарищ Россиялъул пачалихъалъул бутIалъун абураб пикруялъ террористазде данде гьабураб рагъулъ нилъ бергьана. Тушмангун багъана тIолго Дагъистан, нилъгун цадахъ букIана гучаб Россия.

Умумузул аби буго: «Нужее лъазе бокьун батани араб заман, нуж балагье херазул бадире, нужее лъазе бокьун батани букIинесеб, нуж балагье гIолилазул берадзе, нужее бокьун батани жакъасеб бихьизе, нуж балагье руччабазул беразухъ» - абун.

Жакъа нилъеда рихьулел руго эмен, вас, рос, вац камурал руччабазул магIил берал. Нилъер ракIазулъ даим хутIила терроралъул къурбаналлъун ккарал нилъер гIолохъаби.

Дагъистаналъул халкъалъ гIасрабаз гIумру гьабуна ракълида, вацлъиялда, гьудул - гьалмагълъиялда.

Халкъазул цолъи, вацлъи, гьудуллъи ва гьоболлъи нилъехъе кьуна нилъер умумуз ва нилъедаги тIадаб буго гьеб гIун бачIунеб гIелалъухъе кьезе. Миллатал гIемераб Дагъистаналда цониги такъсир ккечIо миллатчилъиялъул рахъалъ. Нилъее бергьенлъи щвелароан халкъазул цолъи букIинчIебани.

Рагъ ЦIумада, Болъихъ, ЦIияб Лакалда букIинчIо, гьеб букIана Дагъистаналда ва Россиялдаго. Гьеб рагъде рахъана хералгун гIолохъаби ва руччабиги. Гьез бихьизабуна ВатIаналде бугеб рокьи ва къохIехьей.

Жакъа къоялде Россиялъул Федерациялъул Пачалихъалъулаб Думаялъ къабул гьабун буго терроризмалъулъ гIахьаллъи гьабуразе жавабчилъи 14 сонидасанго байбихьизе. Гьединлъидал нусцIул борцине лъикIаб буго гьарулел пишаби цоцIул къотIизегIан.

**Б. АХIМАДОВ**

*ГIадамал ва къисмат*

**Къородаса КъебедхIажияв хваралдаса гIемерал сонал аниги гIемерал дандчIвала гьанжеги Къороде КъебедхIажиясухъе рокъоре щварал, гьес сах гьарурал, дараби малъарал гIадамал. Москва, Санкт – Петербург гIадал рикIкIадал шагьараздасацин рачIунаан КъебедхIажиясухъе.**

Доб мехаль жалго ругьунлъарал халтIулел мастIерзабазухъе ине гьукъун букIаниги КъебедхIажиясухъе щолаан – нилъер цIар бугел гIалимзаби, республикаялъул тIадегIанал хъулухъазда рукIарал цо-цо гIадамал, масала, Хашаев ХIажимурад, Макъсудов МухIамад, Даниялов ГIабдурахIман, хасго гьесулгун лъикIаб бухьен букIана ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадил. КъебедхIажияв хвараб мехаль гьес гьабураб магIуялда гьоркьор руго гьадинал рагIаби:

*Халкъалъе гьурщулеб нигIматазул гьветI*
*Унго бакъварабдай Къорода жаниб,*
*Кьваридал чучулеб чарамул буцур*
*Унго бихарабдай магIарулазе.*

*Дарманал рахъулев лукъманул ХIаким*
*Дуе къадар щведал щибдай гьабилеб?*
*Унтарав кIанцIулев кIудияв тохтур*
*Мунги къокъун индал къун ана талихI.*

*Кидал щал щваниги рагьараб каву*
*Кодоса мун арал киндай рукIина,*
*Кидаго ричIараб гIелмуялъул тIехь*
*ТIатIала чIван индал киредай ина?..*

КъебедхIажиясул умумулги рукIана доб заманалъго Дагъистаналда машгьурал гIадамал, тохтурзаби.

Бицен буго Къородаса тIоцевесев кIудияв КъебедхIажияв имам Шамилие къебелъи гьабулев чи вукIанилан. Гьес гьарулел рукIун руго ругьун кьачIазе гьуцIдул, гьунцIби. КIудияв КъебедхIажиясулги букIана гIадамал сах гьаризе гьунар. Хасго гьесул махщел букIана гIадамасул бетIер «дагIагьун» операцияби гьаризе. ГIалимзаби Даниялов ХIажигIали, ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадил ва росуцоязул биценалъги цебе чIезабула имам Шамилилгун гIурусазул букIараб рагъда ккараб лъугьабахъин.

ГIемерал соназ имам Шамилие хъулухъги гьабун херлъараб мехалъ КъебедхIажияв вукIана жиндирго гIагараб Къорода росулъ. Гьеб заманалда гIурусазул генерал Воронцовасда цадахъ СалтIа вукIана машгьурав тохтур Пирогов. Шамилица гьесухъе витIун вачIун вуго ботIролъ гулла хутIарав наиб. Имамас рагIи кьун букIун буго гьев сахлъани кIиго соналъ рагъ тезе. Воронцовасги Пироговасдаса тIалаб гьабулеб букIана наибасе операция гьабизе. Амма гIурусазул машгьурав тохтур чIун вуго наибги хвасар гьавизе кIоларилан ва Шамилил гIурусаздехун жеги ццимги бахъине бугилан. Ахирги гIурусаз имамасухъе тIад вуссинавуна унтарав наиб. Гьеб мехалъ наибзабазул цояв вачIун вуго Шамилихъе.

- Шамил, - илан абурабила гьес, - лъаларогойиш букIараб капурчияс бусурбанчиясе кумек гьабизе гьечIеблъи.

- Щибха гьабилеб, малъкъосиналъ витIун вукIана, - ян абунила Шамилица .

- Щайха дурго тохтур Къородаса КъебедхIажиясухъе гьев витIичIев, - илан нахъеги тIаделъанила наиб.

- Гьев доб мехалъ херлъун вукIана, чIаго ватилин кколаро.

- ХIурматияв Шамил КъебедхIажияв чIаго вуго.

Гьеб рагIигун Шамилица КъебедхIажиясда хадув чи витIана. Гьес дара-мурадисезул габурлъухъ наибасул бетIералъе гьабуна операция, ботIролъа бахъана гулла ва моцIидаса сахлъизеги сахлъун гьунар тIокIав наиб рагъде ана.

Гьеб рагIарав машгьурав Пироговас хъварабила гьев гIажаибав тохур жинда вихьизе кколилан.

Цо-цояз бицуна Пироговги КъебедхIажиявги дандчIваниланги, кIиясго цадахъ операцияби гьаризе кканиланги. Гьев гIажаибав тохтурасул хIакъалъулъ Пироговас бицен гьабун буго жиндирго ракIалде щвеязул тIехьалдаги.

Гьединав вукIана имам Шамилил заманалда цIар рагIарав тохтур, кIудияв КъебедхIажияв. Холаго гьес жиндирго наслуялъе, лъималазе гьабула гьадинаб васият-аманат: нагагьлъун цогиявгун вас вагъизе ккани ва гьев чIвани, нуж цин гьев вукъизе иналде тушманасда лъураб ругьун сах гьабизе а, - ян.

Инсул аманат тIубазе байбихьана лъималазги. КIудияв КъебедхIажиясул вукIана лъабго вас, МухIамад, МуртазгIали, Учум. Бищунго инсул махщалие ритIухълъана МухIамад. Гьев халкъалда гьоркьов машгьурлъана тохтур КъебедхIажиясул МухIамад хIисабалда: Бищун цIикIкIун бицен-кициги гьесул хIакъалъулъ буго.

# НАСЛУЯЛЪЕ
# АМАНАТ



Цо заманаялъ КъебедхIажиясул МухIамад вукIана Къорода наиблъун вукIарав ЦIадахIариса Ибрагьимил нукарлъун, 24 соналъ вукIана Гъунив диванбеглъун. Гьебго заманалда КъебедхIажиясул МухIамадил тохтурлъиялъул букIараб махщалил цIар ун букIана сверухълъиялдаго.

Гьесул лъикIаб бухьен букIанилан бицуна Гъумекиса ханасул яцалъул вас шайих Сайпула-къадиясулгун. Маккаялда цIаларав гьев рикIкIунаан гьунар тIокIав хирурглъун. Амма цо нухалъ гуллица гъурараб жиндирго эбелалъул гъеж сах гьабизе Сайпула-къадица ахIун вуго Гъунив диванбеглъун хIалтIулев вукIарав КъебедхIажиясул МухIамад.

Бицуна шайих Сайпула-къадидасан 11 соналъ гьитIинав вукIанила гьев. КIудиясул хIурматги гьабун КъебедхIажиясул МухIамадицаги гьаруleб букIана гьес жинцаго эбелалъе операция гьабеян. Амма Сайпула-къадица инкар гьабун буго. Рес къотIидал КъебедхIажиясул МухIамад тIаделъун вуго операция гьабизе. Ункъо-щуго сагIаталдаса гьес рукъалдаса къватIибе бахъун буго гъураб ракьа ва ругъуналъул кIалтIа къазабун буго цIоросаролъул хъал. Гьелъ ругъун кIодо гьабунила ва кумек гьабунила хехго сахлъизе. Операция гьабурай эбелалъухъ балагьун Сайпулакъадица абурабила жинда кколаанила жинде вахарав тохтурго вугодайилан, амма вукIун вугила Къородаса КъебедхIажиясул МухIамад. Гьелдаса хадуб Сайпула-къадица хIукму гьабун буго операцияби гьаричIого гIицIго тохтурлъи гьабун чIезе. Жиндирго яц сахлъизаюралъухъ Гъумекиса ханас КъебедхIажиясул МухIамадие сайгъаталъе кьун буго гьаб жакъа къоялдаги цIунун хутIараб, 1712 соналда Швейцариялда гьабураб кисиниб лъолеб сагIат. Гьеб жибго буго хъазмил гьабураб, хъвай-хъвагIай буго меседил.

Цоги лъугьа-бахъиналъе нугIлъун буго Италиялда гьабураб медицинаялъул къайи-цIа жаниб лъолеб гьитIинаб гъамас.

Цо нухалъ хабар бачIуна Порт Петровскиялъул губернаторасул чIужу унтун йигилан. Гьей сах гьайизе ахIун рачIун руго Петербургалдаса кIиго профессорги Къородаса КъебедхIажиясул МухIамадги. Унтаралъухъги балагьун МухIамадица абунила: «Рилъа нилъ цо тира – сверизе» - ян. Нухда гьес босун буго 30 хоно ва лъабасдаго цебе лъун буго анцI – анцI хоно. Щибго бичIчIичIел професорал цоцахъ ралагьун руго. МухIамадица кодобе босун хоногун бицун буго гьеб гIадамасул бетIералда релълъараб бугилан ва гьелда бугеб квешлъи къватIибе биччазе ккани тIаса макъарги бахъун гIицIаб хъалалда гIодоб лъезе кколилан лъамияб хоно. Гьедин анцIабго хоно КъебедхIажиясул МухIамадица цебе лъураб мехалъ кIиявго професорасда цониги кIун гьечIо. Гьеб мехалъ гьес абунилан абула: нужер гIадал квераз операцияби гьаруларилан. Ва губернаторасул чIужуялъул бетIералъе операция жинцаго КъебедхIажиясул МухIамадица гьабизе ккvн буго.

ГьаракIуниса КъурамухIамад абулев чияс бицунаан: унтуца ракьхъенги ккун вилъине кIолеб букIинчIила. Цо нухалъ вачIун бечедав чи ГIамирхIамзаев ГIабдурахIманихъ рещтIанила КъебедхIажиясул МухIамад. ХIамидаги рекIун вачанила гьесухъе ва гьоркье рещтIиналдего МухIамадица абун буго щибаб къоялъ гIатI кваначIого цIияб гьан кваназе кколилан. КидалъизегIан? - ЦIорораб лага хинлъизенан. Гьедин гьабураб мехалъ къаркъалаялдаго бан буго жаниб рецI ккураб гIисинаб жо ва сахлъунги вуго.

Цоги ЧIикIав ватун вуго бусадаса вагъаризе кIоларев чи. КъебедхIажиясул МухIамадица гьикъун буго гIачиязул рехьед рикIкIад бугищан. Гьел речIчIизе ясалги тIамун гIолохъаби тIамун руго рицIцIил гьотIол тIамах бакIаризе. Мажгиталъул хьагинибе бан тIамахгун тIун буго рахь ва гьеб гьалараб мехалъ туртидаги лъун жаниве бигьа гьабун виччан вуго цо лага багьаруларев унтарав. 15 минуталдаса гьев къватIиве вахьун вуго ва бащдаб сагIаталъ туртидаги вегун гIунтIун гIансагун рокъове ун вуго.

- Дир эмен ГIисахIажияс бицунаан, ян – ракIалде щвезабуна Кутишаса нусго сон барав ГIисахIажиясул МухIамадица. – Цо нухалъ инсул вацIгIал ГIалихIажиясул унтана бох. Кутишаве ахIун вачIана Гъунив диванбеглъун хIалтIулев вукIарав КъебедхIажиясул МухIамад. Гьес гьакидаги рекIинавун унтарав Гъуниве вачун ана. Цойидасан росулъе хабар бачIана бох сахлъизабулеб дару бугилан, амма гьелъ лъимал гьаризе гьукъулилан. Гьединлъидал КъебедхIажиясул МухIамадица тIалаб гьабулеб букIана ГIалихIажиясул лъади ПатIиматхIажиялдаса рагIи. Гьей разилъана, ана Гъуниве ва сахлъарав росгун Кутишае тIад юссана.

- Цо заманалда эмен хIарщулъ вегизе унаан, - илан бицана хадубги ГIисахIажиясул МухIамадица. – Гьенисан ракIалдаго гьечIого вачIана файтунги тункун гьорон бохгун. Бана кIиго моцI. Инсухъе щвана Дагъистаналда вугевщинавилан абулев тохтур. Цо кIалдисан гIадин гьез абулеб букIана бох къотIизе кколилан. Амма бох къотIизегIан хабалъего инилан чIана эмен. Гьеб мехалъ инсуца ахIана дун ва абуна бачун кIиго чугун Къородаса мастIер МуртазагIалихъе аян. Гьес малъана дарманал. РакIалда гьечIо кинал хурдул гьел рукIаралали, амма гьел лъабго къоялъ чIван хадуб жаниб ккараб жоги цо бакIалде бакIаризабун бохалдаса къватIибе бачIана ва къотIизе ккечIого гьебги сахлъана.

Бицен гьабулев мастIер МуртазагIали ккола КъебедхIажиясул МухIамадил гьитIинав вац. Аби буго гьев хIалимав, гурхIел бугев тохтур вукIанилан ва гьелъ квалквалги гьабун буго машгьурлъизе. Гьебги букIине кколеб буго МухIамад хвараб заман.

Гьелъул буго гьадинаб бицен:

*(Хадусеб букIине буго)*

*Даруял хурдузул энциклопедиялдаса*

# ГЬУРАЦА ККВЕЙ (ОСТЕОХОНДРОЗ)

**Халкъалда гьоркьоб бищунго тIиритIарал унтабазул цояблъун ккола остеохондроз. ЗахIматаб унти гьеб бугониги, гIадамаз гьелде кIвар кьоларо. Унти хIалуцине биччаларел, бигьалъизабулел къагIидаби гурони, гьеб тIубан сах гьабулеб дару гIалимзабаз жеги ургъун гьечIо. Остеохондрозалъул унти, ай гьураца кквей циндаго гуро бачIунеб. Унти гьабугьинан тIибитIула, нилъецайин абуни гьеб ургъел гьечIого тола.**

Щибха кколеб остеохондроз баккиялъе гIилла? Гьеб баккиялъе гIиллалъун ккола гьод загIиплъи, ай гьодил рукьбузда гьоркьоб букIунеб цIил тIеренлъи ва гьелъул хIасилалда гьезда гьоркьосан унел нерваби чIинтIизари. Гьелъул хIасилалда унти тIибитIула ччорбалъе, гъуждузулъе, бохдулъе ва цогидал бакIазде.

Остеохондрозалъул, гIаламаталлъун ккола ччорбал дугъдан чIей, гьел рагъарахъдизаризе, къула-рорхизе, нилъеего бокьараб къагIидаялъ гIодор чIезе, регизе захIмалъи.




Дагь-дагьккун унтарас байбихьула гьодие, мугъалъе санагIатаб къагIида балагьизе, кIичIун гIодов чIезе ва гьединабго къагIидаялъ вилълъанхъизе. Гьураца кквездал, нилъеца, тохтурасухъеги инчIого, хинаб жо бухьун, рухIизарулел мазал рахун унти бигьалъизабула. Гьедин, тохтурзабазул хасал къагIидабиги дару- сабабги хIалтIизабичIого, бичча- бихъан тараб остеохондрозалъ рачуна гьодил грыжаялде (межпозвоночная грыжа).

Остеохандрозалъ цIикIкIун унтула гIемер гIодор чIун рукIунелги, циндаго бакIал жал рорхаралги. ГIемерисел остеохондрозалъ унтула кьариял чагIи. Щайгурелъул, къаркъала бакIаб букIиналъ, гьезул гьодалде цIикIкIун хIал ккола.

Гьеб унтиялдаса цIуниялъе гьодалде хIал кколареб къагIидаялъ рорхизе ккола бакIал жал. Рахъун ва гIодор чIун ругеб мехалъ мугъ ккезе ккола битIун. Къулун чIолел ругони гьодиде хIал ккола. ГIемераб мехалъ гIодор чIун рукIинги мугъзае лъикIаб гьечIо. Гьодиеги тIолабго чорхоеги пайдаяблъун ккола рагъа-рачари. ГIодор чIун ругеб мехалъ лъикIаб гьечIо хIатIал гIодоре риччан чIезе. Гьел лъезе ккола гьитIинабго бакIида яги цогидаб жоялда тIад.

ГIемераб жо бараб букIуна нилъ регулеб къагIидаялдаги. Бусен букIине ккола къвакIараб. Ургу лъикIаб букIуна квасул, жаниб лъураб жо бакIбакIалде бакIаричIеб, битIараб.

ЛъикIаб гьечIо бакIаб жо баччун хьвадизеги. Мисалалъе, лъел цIураб ведро яги бакIаб сумка босун рачIунелъул, гьеб цин цояб квералъ, цинги цогидаб квералъ босизе ккола. Мугъзада, гьодалда квач хъвазе тезеги бегьуларо. Гьодие хIинкъи бугеблъун ккола гIодоб кьаби, тунки, остеохондроз бугеб гьод тункиялъ, кьабгIиялъ унти жеги хIалуцинабула, остеохондрозалъ унтараз кванилъ цIикIкIун хIалтIизабизе ккола гъорлъ кальций, фосфор, фтор, магний, марганец, пахь, ( **медь) В** ва **А** группаялъул витаминал гIемерал нигIматал.

**Кальций** цIикIкIун букIуна рахьдал нигIматазулъ, ханазулъ, ччугIилъ, чIегIераб коконалъулъ, гъармилъ.

**Фосфорги фторги** гьарзаго букIуна хасго скумбрия ччугIилъ, чаялъулъ, цо-цо минералиял лъиназулъ.

**Магний** гIемер букIуна багIаргьалилъ, гьалида гъорлъ, тIирщараб ролъулъ, гречкадулъ ва нихадул ханждалъ, сурмияб пиринчIалъулъ.

**Пахьги марганецги** гIемер букIуна ччугIилъги ралъдал хъапустIаналъулъги, **В** группаялъул витаминал цIикIкIун рукIуна цIулакьодулъ, тIулалъ, гьаналъ, ханазулъ, тIощалилъ.

**А витамин** букIуна ламадуралъулъ ва цогидалги овощазулъ.

Гьал тIадехун рехсарал малъахъваязда тIадеги, гьод щулалъизабиялъе къваригIуна хасал упражнениял. Кин гьел гьаризе кколелали тохтурасда цIехе.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

# ЦIАД ГЬАРИ — гIадамазул сабру гьечIолъийищ *яги* ТIадегIанасдехун гьарийищ?

**Халкъалда гьоркьоб нус-нус соназ цебеги ва жеги цIунун хутIараб цIад гьариялъул гIадат XXI гIасру нилъер азбаралда бугеб мехалда цоцояз, хасго гьанжесеб гIелалъ, гьеб рикIкIуна ва рикIкIине бегьула гIалхулаб гIадат бугилан. Жакъа нилъ ругьунлъун руго щиб кинаб букIаниги хIалтIаби гьаризе, тадбирал гьаризегIан интерненталда, телефоназда бугеб гьава-бакъалъул сайт балагьизе. БагIаризе, квачазе букIин халкъалда яндекс-погодаялда, гизмедиялда цебеккун хъван букIуна, МЧСалъ лъазабула, гIадамаз цIодорлъи цебеккун гьабизе букIине.**

хасиятал ругел бакIал руго. Гьеб тадбиралъулъ магIарухъ, магIарулазул аслияв чи ккола «ЦIадал хIама» ккола. ЦIад гьариялъул тадбир тIобитIула къасеги, къадги. Тадбиралъулъ чIахIиялги, лъималги гIахьаллъула. КIварабгIан яхI бахъула «ЦIадал хIамалъун» бесдалазул лъимер вищизе. ЦIад гьарулезул къукъа къватIахъан рачIунел рихьидал рукъалъул бетIергьабаз ведроял лъел лъималазде тIола. Киналго цадахъ рахъун цояб росдал рагIалдасан цогидаб рагIалде щвезегIан уна зикруги бачунаго, хобалазде щола. ГIадамаз бачIараб садакъа жубан киназего гьоркьоб бикьула. ГIажибаб асар, цолъи киназего гьабулеб тадбир букIана гьеб. Жакъ-



Гьедин букIаниги нилъер гIумруялда якъинаб буго тIабигIаталъ нусго батIибатIиял гIаламатал рихьизарулеллъи, гьезул хIакъалъулъ кибго хъван гьечIониги гьел рукIуна.

Гьалагал цIадал ран иххал щола, бербелел ах-хурзал, гIалахал, мугIрул цIадал рачIоголъиялъ ракъдаллъула. Гьеб цIадал рачIолъиялъ кинабго сверухъ тIабигIат бакъвазе лъугьиндал, халкъалъул сабру лъугIулеб бакIалде ккараб мехалъ нилъ ТIадегIанав Аллагьасде кумек гьаризе лъугьуна, ай цIад гьаризе ккани гьаризе кколел щинал шурутIал лъазаризе кIанцIула. Дагъистаналда щибаб миллаталъул, щибаб росабазул гьеб тадбир гIуцIиялъул цо-хIо жиндиего

асеб къоялъги гIемерисезул, чIахIиязулъ рекIелъ хутIараб букIуна «Баги, баги чвахун цIад ....» ахIулаго унел гIадамазулъ букIараб цолъи, гьабулеб лъикIаб, баракатаб тадбиралъулъ гIахьаллъизе щвеялдаса рохи. ЦIад бай, бачIолъи аслияб букIинчIо, нагагь бани гьеб кIодолъи букIана гIахьаллъаразе, бачIони гьеб Аллагьасул хIукму букIин лъан сабурлъиялда чIолаан. Бицен букIана нилъеда аскIоб бугеб районалъул росулъ цIад гьарун тадбир тIобитIун хадуб кутакаб гороги бан бекьарабги, гьотIода бижараб пихъги хвезабунилан. Халкъалъ гьелдаги абуна гIадамазул сабру гьечIолъи бихьизабиялъ, Аллагьас бугелдаса ратIа гьарунилан.

Сабру кьеги нилъее киназего.

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ № ________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.
Цена свободная.**

Подписано в печать 3 сентября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00